

Pa Prezidan  
Thomas S. Monson



# Sèvi Senyè a avèk Lanmou

**S**enyè a, Jezikri, te anseye: “Paske moun ki ta vle sove lavi l va pèdi li. Men, moun ki va pèdi lavi l pou mwen, la sove li” (Lik 9:24).

Prezidan Thomas S. Monson te di: “Sovè a di nou ke si nou pa lage tèt nou nan sèvis lòt moun, lavi nou pa p gen anpil sans. Moun ki viv pou tèt yo sèlman yo fini pa fletri e pèdi lavi yo nan sans figire, tandiske moun ki lage tèt yo nan sèvi lòt moun, yo pwogrese epi yo fleri—epi konsa yo reyèlman sove lavi yo.”<sup>1</sup>

Nan ekstrè sa yo ki soti nan ministè Prezidan Monson, li raple Sen Dènnye Jou yo ke se nan men Senyè a yo ye epi benediksyon letènite yo ap tann moun ki fidèlman sèvi lòt moun.

## Sèvis nan tanp

“Se gwo sèvis nou rann lè nou akonpli òdonans pa pwokirasyon pou moun ki deja ale nan lòtbò vwal yo. Nan anpil ka, nou pa konnen moun n ap fè travay pou yo yo. Nou pa espere okenn remèsiman, ni nou pa gen okenn asirans ke y ap aksepte sa n ap ofri yo a. Men, nou sèvi, epi nan pwosesis la nou atenn sa nou ka resevwa atravè bagay sa a sèlman: nou literalman vin tounen sovè sou Mòn Siyon. Menmjan Sovè nou an te bay lavi li kòm sakrifis pa pwokirasyon pou nou an, se konsa nou menm tou, nan ti mezi pa nou, nou fè lè nou akonpli travay pa pwokirasyon nan tanp pou sila yo ki

pa gen mwayen pou avanse yo, sof si nou menm ki isit la sou tè a nou fè yon bagay pou yo.”<sup>2</sup>

## Nou nan men Senyè a

“Frè m ak sè m yo, nou antoure pa moun ki bezwen atansyon nou, ankourajman nou, sipò nou, rekonfò nou, jantiyès nou—yo gen dwa se manm fanmi nou, zanmi, relasyon nou, oswa etranje. Nou nan men Senyè a isit la sou tè a, avèk manda pou nou sèvi ak edifye pitit li yo. Li konte sou nou chak. . . .

“Sèvis sa a yo aple nou chak pou nou fè a se sèvis Senyè a, Jezikri.”<sup>3</sup>

## Sèvi nan lonbraj Sovè a

“Nan Nouvo Mond lan, Senyè resisite a te deklare: ‘Nou konnen ki bagay nou dwe fè nan legliz mwen an; paske nou dwe fè zèv nou te wè m fè yo, paske se sa nou te wè m fè, nou dwe fè’ [3 Nefi 27:21].

“Nou beni lòt moun lè nou sèvi nan tras ‘Jezi Nazarèt . . . ki te mache toupatou ap fè byen an’ [Travay 10:38]. Bondye ba nou benediksyon pou nou jwenn lajwa nan svi Papa nou ki nan syl la pandan n ap svi pitit li yo sou tè a.”<sup>4</sup>

## Bezwen pou nou sèvi a

“Nou bezwen yo ba nou yon chans pou nou sèvi.

Pou manm ki tonbe nan inaktivite oubyen pa vini ankò e ki pa pran angajman ankò yo, nou kapab chèche nan lapriyè pou nou jwenn kèk mwayen pou lonje lamèn ba yo. Mande yo pou yo sèvi nan kèk kapasite se kapab jis pouch yo bezwen pou retounen vin aktif ankò a. Men dirijan ki ka ede yo nan bagay sa yo pafwa konn yon tijan pa vle fè sa. Nou bezwen sonje ke moun ka chanje. Yo ka kite move abitud yo genyen. Yo ka repanti pou transgresyon yo. Yo ka detni prèttriz la diyman. Epi yo ka sèvi Senyè a ak dilijans.”<sup>5</sup>

### Èske nou fè tout sa nou ta dwe fè?

“Mond lan bezwen èd nou. Èske nou fè tout sa nou ta dwe fè? Èske nou sonje pawòl Prezidan John Taylor yo: ‘Si nou pa mayifye apèl nou, Bondye ap mande nou kont pou moun nou te ka sove si nou te ranpli devwa nou yo?’ [*Enseignements des présidents de l’église: John Taylor* (2001), 164]. Gen pye pou nou fòtifye, men pou nou kenbe, lespri pou nou ankouraje, kè pou nou enspire, ak nanm pou nou sove. Benediksyon letènite yo ap tann ou. Nou gen privilèj pou nou pa espektatè ankò men pou nou patisipan nan zafè . . . sèvis.”<sup>6</sup>

#### NÒT

1. “Kisa m te fè pou yon moun jodia?” *Liahona*, Nov. 2009, 85.
2. “Until We Meet Again,” *Liahona*, Me 2009, 113–14.
3. “Kisa m te fè pou yon moun jodia?” 86, 87.
4. “The Savior’s Call to Serve,” *Liahona*, Out. 2012, 5.
5. “See Others as They May Become,” *Liahona*, Nov. 2012, 68.
6. “Willing and Worthy to Serve,” *Liahona*, Me 2012, 69.
7. *Teaching, No Greater Call: A Resource Guide for Gospel Teaching* (1999), 12

### ANSÈYMAN NAN MESAJ SA A

“Si ou gen lanmou kreyen, w ap pi byen prepare pou anseye levanjil la. W ap jwenn enspirasyon pou ede lòt moun konnen Sovè a ak suiv li.”<sup>7</sup> Panse pou w priye pou w gen plis charite pou moun w ap vizite yo. Si ou devlope lanmou kreyen pou yo, w ap pi byen kapab sèvi Senyè a ak moun w ap anseye yo nan fason pi siyifikan.

## JÈN YO

### Yon ete sèvis

Pa Elizabeth Blight

**Y**on ete, mwen te pase kèk tan nan yon peyi etranje ap travay avèk timoun andikape. Lè m te fèk

rankontre timoun yo, mwen te preyo kipe anpil. Mwen pa t pale lang yo a, men mwen te gen konfyans ke Lespri a t ap gide m nan relasyon m avèk yo. Amezi m te vin ap konnen chak timoun, mwen te reyalize ke lang nan se pa yon baryè lanmou. Mwen te jwe, ri, ak fè atizana avèk timoun yo e m pa t ka anpeche m santi yon lanmou total pou yo. Mwen te gen yon apèsi sou lanmou Pè Selès la genyen pou pitit li yo, e lajwa ki ranpli kè m nan enposib pou dekri.

Lè m sèvi lòt moun, mwen santi lanmou non sèlman pou moun m ap sèvi yo men pou Pè Selès la tou. Mwen vrèman vin konnen ke “lè n ap sèvi pwochen nou yo, se sèlman nan sèvis Bondye nou ye” (Mozya 2:17). Keswa nan gwo pwojè sèvis oubyen nan ti zak jantiyès, bi sèvis mwen se pou glorifye Bondye (gade Matye 5:16). Mwen espere ke pandan m ap sèvi lòt moun yo, moun a va rekonèt lanmou mwen pou Pè Selès la ak Limyè Kris la k ap boule andedan m nan.

*Otè a ap viv nan Virginie, nan Etazini.*

## TIMOUN

### Lyen lanmou

**F**è yon grandèt ede w koupe 28 timoso papyè mens, chak apeprè 1 pous lajè (2.5 cm) e apeprè 8 pous (20 cm) longè. Chak jou nan mwa sa a, rann yon moun yon sèvis pou montre amou ou pou li. Ou gen dwa ede paran ou netwaye lakay ou oubyen ekri yon ti mo janti pou yon vwazen.

Ekri kijan ou te rann sèvis chak jou sou youn nan timoso papyè w yo, epi apresya tepe oubyen kole pwent yo ansanm pou fòme yon sèk. Ou ka konekte sèk yo ansanm kote w ap foure yon pwent nouvo moso papyè a nan sa jou anvan an anvan ou tepe oswa kole pwent nouvo moso papyè yo ansanm. Gade kijan lyen lanmou w lan ap grandi! Ou ka menm kontinye ajoute sou chenn sèvis ou an apre mwa Fevriye a fini.

© 2014 pa Intellectual Reserve, Inc. Tout dwa rezève. Enprime nan Etazini Damerik. Apwobasyon anglè: 6/13. Apwobasyon tradiksyon: 6/13. Tradiksyon *First Presidency Message, February 2014*. Haitian. 10862 036



Lafwa, Fanmi, Sekou

# Misyon divin Jezikri: Bon Bèje

*Etidye materyèl sa a nan lapriyè epi chèche konnen kisa pou w pataje. Nan ki fason konprann lavi ak misyon Sovè a ogmante lafwa nou nan Li e beni moun n ap veye sou yo atravè vizit nan fwaye yo? Pou plis enfòmasyon, ale nan [reliefsociety.lds.org](http://reliefsociety.lds.org).*

*Sa a se yon pati nan yon seri mesaj vizit nan fwaye ki dekri aspè sou misyon Sovè a.*

**J**ezikri, Bon Bèje a, te anseye: “Sipoze youn nan nou gen san mouton. Si l pèdi youn ladan yo, èske li pap kite katrevendiznèf lòt mouton yo nan dezè a, pou l al dèyè sa k pèdi a, jiskaske l jwenn ni?”

“Konsa tou, m ap di nou . . . va gen plis kontantman nan syèl la pou yon sèl moun ki repanti” (Lik 15:4, 7).

Lè nou vin konprann ke Jezikri se Bon Bèje a, dezi nou pou suiv egzanp li ak sèvi moun ki nan bezwen yo ogmante. Jezi te di: “Mwen se bon bèje a, e m konnen mouton m yo, e yo menm tou yo konnen mwen. . . . Epi mwen bay lavi m pou mouton m yo” (Jan 10:14–15). Gras ak Sakrifis Eks-pyatwa Kris la, okenn nan nou pap janm sitèlman pèdi pou nou pa kapab jwenn wout nou pou n retounen (gade Lik 15).

Prezidan Thomas S. Monson te di: “Nou gen responsablite pou nou pran swen twoupo a. . . . Se

pou nou chak chèche okazyon pou nou sèvi.”<sup>1</sup>

## **Nan ekriti yo**

Som 23; Ezayi 40:11; Mozya 26:21

## **Nan Istwa Nou**

**E**lizabeth Ann Whitney, ki te patisipe nan premye reyinyon Sosyete Sekou a, te pale sou konvèsyon li an 1830: “Osito ke m te tande levanjil la jan èldè yo te preche l la, mwen te konnen ke sete vwa Bon Bèje a.”<sup>2</sup> Elizabeth te suiv vwa Bon Bèje a epi li te batize ak konfime.

Nou menm tou nou ka tande vwa Bon Bèje a ak pataje ansèyman l yo avèk lòt moun. Prezidan Monson te di: “Nou nan men Senyè a isit sou tè a, avèk responsablite pou nou sèvi li ak edifye pitit li yo.”<sup>3</sup>

Menmjan yon bèje al chèche yon mouton ki pèdi a, se menmjan tou paran yo kapab al chèche yon timoun ki ale kite wout la. Prezidan James E. Faust (1920–2007), Dezyèm Konseye nan Premye

Prezidans lan, te di: “Pou paran dezespere ki toujou rete dwat, dilijan, ak devwe nan anseye pitit ki dezobeyisan yo, n ap di, Bon Bèje a ap veye sou yo. Bondye konnen e l konprann pwofon doulè nou. Gen espwa.”<sup>4</sup>

## **NÒT**

1. Thomas S. Monson, “Heavenly Homes, Forever Families,” *Liahona*, Jen 2006, 70.
2. Elizabeth Ann Whitney, nan *Filles dans mon royaume: L'histoire et l'oeuvre de la Société de Secours* (2011), 128.
3. Thomas S. Monson, “What Have I Done for Someone Today?” *Liahona*, Nov. 2009, 86.
4. James E. Faust, “Dear Are the Sheep That Have Wandered,” *Liahona*, Me 2003, 68.

## **Kisa M Ka Fè?**

1. Nan ki fason konnen Sovè a se Bon Bèje a ap pote lapè nan lavi nou?
2. Nan ki fason nou ka sèvi moun ki “pèdi” yo ki pa aktif nan legliz la ankò oubyen moun ki pa menm relijyon avèk nou yo?
3. Nan ki fason m ka pote sipò bay paran sa yo ki gen timoun ki pa rete nan levanjil la ankò yo?